

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Kasénian Terbang buhun Pusaka Sawargi mangrupa salah sahiji kasénian tradisional anu aya di Kampung Salamungkal, Désa Karangtunggal, Kecamatan Paséh, Kabupatén Bandung. Dumasar kana sajarahna, kasénian terbang buhun Pusaka Sawargi mimiti dibéré ngaran Pusaka Sawargi nyaéta ti taun 1989. Anu mimiti méré ngaran Pusaka Sawargi nyaéta Ma Aki Jedok. Kasénian terbang buhun Pusaka Sawargi ieu minangka salah sahiji pintonan buhun anu ngadumaniskeun seni musik, seni tari, jeung seni sora. Pintonanna dimimitian ku ditabeuhna sarupaning waditra ogé lagu khas saperti *Kidung Pusaka Sawargi*. Éta lagu téh dihaleuangkeun pikeun muka ieu pintonan. Tuluy, disusul ku sindén anu ngawihkeun lagu-lagu Sunda buhun saperti *Wangsit Siliwangi*, *Kembang Gadung*, *Siuh*, *Leungiteun* jeung *Bangbung Hideung*.

Dumasar kana sajarahna, baheula mah kasénian terbang buhun Pusaka Sawargi téh sok dipintonkeun saupama aya acara hajat bumi, ngaruwat sawah, hajat buruan jeung sok dipintonkeun unggal bulan Mulud. Kiwari kasénian terbang buhun Pusaka Sawargi biasa dipintonkeun dina acara nu nikahan, nu sunatan jeung acara-acara hiburan séjénna. Dina kagiatan pintonan tangtu aya kagiatan saacan pintonan, pas pintonan jeung saenggeus pintonan. Kagiatan saacan pintonan disebut tatahar, nu mana biasana para nayaga jeung nu boga hajat sok nataharkeun sawatara hal nu diperlukeun pikeun kabutuhan pintonan saperti sasajén, waditra, jeung sok tawasulan heula minangka ngadu<sup>‘</sup>a ka Allah Swt pikeun ménta kalancaran dina ieu kagiatan pintonan kasénian terbang buhun Pusaka Sawargi.

Dina kagiatan pas pintonan sok dibuka heula ku MC minangka bubuka, tuluy aya sambutan ti sawatara aparat pamaréntah jeung tokoh masarakat. Tuluy kana pintonan anu mimiti sok mintonkeun lagu-lagu bubuka nu eusina sholawat jeung *Kidung Pusaka Sawargi*. Dituluykeun kana mintonkeun lagu-lagu Sunda buhun jeung pop Sunda. Tuluy sabada éta sok aya pintonan démonstrasi saperti mandi bubur ketan hideung anu panas, mandi cai



ngagolak, jrrd. Démonstrasi ieu dilakukeun kudu ku jalma nu geus ahli dina bidangna. Sabada éta, langsung waé kana panutup acara nu ditutup deui ku MC.

Ajén réligi anu nyampak dina kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi ngawengku émosi kaagamaan, sistim kapercayaan, sistim ritual jeung upacara, jeung kelompok masarakat. Dina émosi kaagamaan, masarakat Kampung Salamungkal tetep ngalaksanakeun kawajiban salaku umat Islam saperti sholat, puasa, dzikir, maca Al-Qur'an, jrrd. Sistim kapercayaan sarta sistim ritus jeung upacara kaagamaan anu nyampak dina masarakat Kampung Salamungkal nyoko kana ajaran agama Islam nyaéta saperti Muludan nu tujuanna pikeun miéling gumelarna kanjeng Nabi Muhammad saw.,. Rajaban, syukuran budak jeung puasa Senén Kemis. Sedengkeun sistem ritus jeung upacara nu patali jeung budaya nyaéta saperti nyuguh sasajén saacan ngalaksanakeun hiji acara jeung Rebo wekasan. Sedengkeun dumasar kelompok kaagamaan, masarakat Kampung Salamungkal, Désa Karangtunggal, Kecamatan Paséh, Kabupatén Bandung nyoko kana agama Islam.

## **5.2 Rékoméndasi**

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sababaraha rékoméndasi pikeun lajuning kalu ieu panalungtikan kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi di Kampung Salamungkal, Désa Karangtunggal, Kecamatan Paséh, Kabupatén Bandung. Dipiharep ieu hasil panalungtikan ngeuyeuban kana pangaweruh ngeunaan kasenian nu aya di tatar Sunda. Dumasar hasil panalingtikan, masih aya kénéh pasualan-pasualan ngeunaan kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi nu can kaguat ku panalungtik.

Sangkan ieu kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi henteu leungit, aya sababaraha rékoméndasi anu ditunjukkeun ka; 1) mahasiswa; 2) guru 3) masarakat; 4) pamaréntah hususna Dinas Kabudayaan jeung Pariwisata Kabupatén Bandung.

1. Mahasiswa salaku akademisi dipiharep bisa nuluykeun deui panalungtikan dina kasenian terbang buhun Pusaka Sawagi, sabab masih kénéh aya pasualan-pasualan anu can kaguar jeung kapaluruh. Ku kituna dipiharep sangkan aya nu nuluykeun panalungtikan satuluyna ngeunaan kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi nu aya di Kampung Salamungkal, Désa Karangtunggal, Kecamatan Paséh, Kabupatén Bandung.
2. Guru dipiharep bisa ngawanohkeun ieu kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi ka siswa. Sangkan siswa bisa apal kana salah sahiji wanda kasenian Sunda buhun nu aya di tatar Sunda. Guru ogé dipiharep bisa mekarkeun deui kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi sangkan bisa dilarapkeun kana bahan ajar, boh dina pangajaran seni, basa Sunda, atawa pangajaran séjénna nu aya patula-patalina.
3. Masarakat Jawa Barat umumna sarta masarakat kabupatén Bandung hususna, dipiharep bisa leuwih ngawanohkeun deui kana kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi ka para nonoman Sunda, sangkan ieu kasenian téh tetep nanjeur.
4. Pikeun pamaréntah, utamana Dinas Kabudayaan jeung Pariwisata Kabupatén Bandung, dipiharep bisa leuwih ngawanohkeun kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi sangkan bisa jadi salah sahiji wisata seninu aya di Kabupatén Bandung. Salian ti éta, sangkan ieu kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi téh bisa dipikawanoh ku masarakat lokal jeung internasional.

Chicha Kirani, 2023

*AJÉN RÉLIGI DINA KASENIAN TERBANG BUHUN PUSAKA SAWARGI DI KECAMATAN PASÉH KABUPATÉN BANDUNGPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*

*Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu*